



PEMERINTAH KABUPATEN GUNUNGKIDUL
DINAS PENDIDIKAN PEMUDA DAN OLAHRAGA
SD NEGERI KARANGREJEK II WONOSARI

ꦱꦢꦤꦺꦒꦼꦂꦏꦂꦁꦫꦺꦗꦏꦺꦴꦤꦶꦱꦫꦶ

Alamat: Jalan Baron Km. 1,5 Wonosari, Gunungkidul, DIY Kode Pos: 55851
Telp.: (0274) 394343 email: sdnkarangrejekdua@gmail.com

REMIDI ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER (ASAS)

Tahun Ajaran 2022/2023

Mata Pelajaran : Basa Jawa Hari, tanggal :
Kelas : V (Lima) Waktu :

A. Wacanen kang patitis!

Lindhu

Sabtu, 10 April jam loro awan, Jawa Timur kena lindhu. Punjering lindhu ana tengah segara, Malang sisih kidul kulon. Sanajan adoh saka punjering lindhu, Surabaya uga krasa geter. Warga Surabaya kang krasa, age-age metu saka omah. Wong-wong sing mlaku-mlaku ing mall, semburat metu menyang dalan gedhe. Kabeh keweden.

Ukuran lindhu 6,1 SR, dadi sabab rusake omah lan fasilitas negara. Ora mung korban bandha, uga ana korban nyawa. Sawetara daerah kang kena, Lumajang, Malang, Blitar, Tulungagung, Trenggalek, Kediri lan Jember. (Liputan6.com)

Esuk iki ana warta anyar. Malang ana lindhu susulan 5,5SR. Warga isih rumangsa wedi, ora wani turu jero omah, nanging ana latar utawa dalan.

Muga-muga Gusti tansah paring kesabaran kanggo sedulur kabeh, rahayu kang pinanggih, nir sambikala. Amin.

B. Wangsulana pitakon-pitakon iki manut isine wacan!

1. Kapan Jawa Timur kena lindhu?
Wangsulana :
2. Ana ing ngendi punjering lindhu?
Wangsulana :

3. Nalikane lindhu, uwong-uwong banjur kepiye?
Wangsulan :
4. Ngendi wae daerah kang kena lindhu?
Wangsulan :
5. Piro ukuran gedhene lindhu ana ing Jawa Timur?
Wangsulan :

C. Wenehana tanda ping (x) ing aksara a, b, c utawa d sangarepe pratelan kang bener!

1. Pratelan iki sing dudu upaya kanggo nyegah banjir yaiku. . .
 A. Nanduri lemah bera
 B. Ora guwang uwuh ing kali
 C. Nggawe waduk
 D. Negori wit-witan

2. Kinanthi

Sapa sing kepingin luhur,
 Kudu gelem angajeni,
 Sapa sing kepingin bisa,
 Kudu gelem sing taberi,
 Sapa sing kepingin mulya,
 Kudu gelem kurban dhiri.

Guru lagu tembang kinthi ana ing dhuwur yaiku. . .

- A. r, i, a, i, a, i
 B. u, e, i, e, u, i
 C. u, i, a, i, a, i
 D. a, u, a, u, a, u
3. Tembang kinanthi kuwi guru wilangan saben gatra padha ana wanda
 A. 6
 B. 8
 C. 10
 D. 12

4. **Kinanthi**

Mulane wong enom iku,
Brecik ingkang ataberi,
Jejagongan lan wong tuwa,
Ingkang sugih kojah ugi,
Kojah iku warna-warna,
Ana ala ana becik.

Isi tembang kasebut yaiku. . .

- A. Bocah enom kudu taberi
- B. Bocah enom kudu sawung karo wong tuwa
- C. Bocah enom sugih kojah
- D. Bocah kudu nyingkiri kojah ala

5. Cacahing larik saben sapada yaiku. . .

- | | |
|------------------|---------------|
| A. Guru lagu | C. Guru gatra |
| B. Guru wilangan | D. Guru swara |

6. Dasamuka kwi tegese. . .

- A. Pasuryan sepuluh
- B. Siyung
- C. Kulit pasuryan warna abang
- D. Kulit awak warna biru

7. Taman Argasoka utawa Asoka kuwi ana ing negara. . .

- | | |
|------------|-----------|
| A. Atisna | C. Amarta |
| B. Alengka | D. Ayodya |

8. Waspadakna gambar wayang iki!



Wayang iki watak e . . .

- | | |
|-----------------|---------------------------|
| A. Jirih | C. Jujur lan kendel |
| B. Gampang nesu | D. Galah lan gampang nesu |

9. Garwane ramawijaya yaiku. . .
 A. Dewi Kusalyi
 B. Dewi Kunthi
 C. Dewi Sukeshi
 D. Dewi Sintha
10. Anoman kuwi wujud. . .
 A. Satriya
 B. Dewa
 C. Buta
 D. Kethek
11. Prabu Dasamuka duwe digdaya sekti mandraguna yaiku aji Pancasona lan aji Rawarontek, mula . . .
 A. Bisa mabur
 B. Bisa ngilang
 C. Saben-saben mati bisa waluya ing jati maneh
 D. Bisa nimbus bumi
12. Wong crobo gampang **lara**.
 Tembung kramane lara ing ukara kaebut yaiku. . .
 A. Lara
 B. Sakit
 C. kalih
 D. Gerah
13. Pak Burhan pakaryane dadi kuli angkat . . . ing pasar
 A. Junjung
 B. Surung
 C. Barang
 D. dagangan
14. Wengi aku tuku klambi warna **ireng**.
 Basa kramane ireng yaiku. . .
 A. Ijem
 B. Pethak
 C. Abrit
 D. Cemeng
15. Pak Suta karo pak Naya sedulur tunggal welat. Nanging saiki dadi adoh mung merga kikis pekarangan. Kekarone nggegegi menange dhewe, ora ana sing gelem ngalah. Merga kikis mau kepara malah padha dilabuhi ing pati. Paribasane. . .
 A. Rawe-rawe rantas malang-malang putung
 B. Sadumuk bathuk sanyari bumi
 C. Kementhus ora pechus
 D. Cedhak kebo gupak

D. Ceceg-ceceg iki isenana nganggo tembung kang cocok!

1. Angin putting beliung ana ing Sumatra diarani angin . . .

2. Guru lagu yaiku. . .

3. **Kinanthi**

Ingkang becik kojahipun,
Sira anggoa kang pasthi,
Ingkang ala singgahana,
Aja sira angglakoni,
Lan den awas wong akojah,
Iya ing mangsa punika.

Tembung kojah tegese. . . .

4. Jeneng liyane dasamuka yaiku. . .

5. Waspadakna gambar wayang iki!



Jenenge wayang iki yaiku. . .

6. Anoman duwe kadegdayan yaiku menawa mlaku kaya . . .

7. Pak guru numpak sepedha motor.
Tembung numpak sing bener yaiku . . .

8. Lani mangan tempe bacem, lan Ibu mangan gorengan.
Basa kramane mangan tumrap ibu yaiku. . .

9. Bu Astuti sampun (kondur;wangsul) setunggal jam kapengker.
Ukara sing pas ana ing jero kurung yaiku. . .

10. Tembung nyuwun sewu tegese padha karo tembung